# *2020-jıl yanvar-iyun aylarında tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar*

*Esabat dáwirinde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyanıń kólemi 3576,7 mlrd. sumdı quradı. Qarjılandırıw dereklerine tallaw júrgizgende ulıwma kólemniń 54,8 % in, yaǵnıy 1961,5 mlrd. sumı qamtılǵan qárejetlerdiń esabınan, al 45,2 % in, yaǵnıy 1615,2 mlrd. sum kárxanalardıń hám puxaralardıń qárejetleri esabınan dúzilgen.*



# *Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar*
## *yanvar-iyun 2020-jıl*

*Esabat dáwirinde qarjılandırıwdıń oraylastırılǵan quramına 860,4 mlrd. sum òzlestirildi, bul jámi investiciyanıń 24,1 % in quradı hám ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 42,4 % ke kemeygenin kórsetedi. Oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan ajıratılǵan investiciya 2716,3 mlrd. sum bolıp, bul 2019-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 26,0 % li punktge kemeygen.*

*Kárxana hám mekemelerdiń óz qarjıları esabınan 1347,4 mlrd. sum tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestirildi hám bul jámi investiciyanıń 37,7 % ine tuwrı keldi, bul 2019-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 114,0 % ke kóbeygen. Puxaralardıń qarjıları esabınan 267,8 mlrd. sumlıq, yaǵnıy 7,5 % investiciyalar òzlestirildi hám ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 35,8 % ke kemeygen.*

*Esabat dáwirinde Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri 468,0 mlrd. sum bolıp, bul 2019 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 46,8 % ke kemeygen hám jámi investiciyanıń 13,1 % in quraydı.*

*Sonıń menen birge, bank kreditleri hám basqa qarız qarjıları esabınan 584,8 mlrd. sumdı quraydı (tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń ulıwma kóleminiń 16,3 % in quraydı), ótken jılǵa qaraǵanda 68,4 % ke kemeydi.Tuwrıdan tuwrı hám basqa shet el investiciya hám kreditler esabınan 516,3 mlrd. sum (ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda úlesi 14,4 % hám 37,5 % ke kemeygen), tikleniw hám rawajlanıw fondı qarjıları esabınan -49,0 mlrd. sum (úlesi 1,4 % hám 18,6 % ke kemeygen), Respublika byudjeti esabınan -296,0 mlrd. sum (úlesi 8,3 % hám 41,0 % ke kemeygen), Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw esabınan -47,4 mlrd. sum (úlesi 1,3 % hám 16,8 mártege asqan).*



## *Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń qarjılandırıw derekleri boyınsha dúzilisi, úlesi % te.*

*yanvar-iyun 2020-jıl*



## *Múlkshilik derekleri boyınsha tiykarģı kapitalģa kiritilgen investiciyalardıń úlesi*
*(% te)*




**Mámleketlik emes múlk**

2020- jıl yanvar-iyun




**Mámleketlik múlk**

2020- jıl yanvar-iyun



Esabat dáwirinde mámleketlik emes mulk tárepinen tiykarģı kapitalģa kiritilgen investitsiyalar otken jılģa salıstırģanda 62,3 % ke kemeydi.

## *Tiykarġı kapitalġa kiritilgen investiciyalardıń qarjılandırıw derekleri boyınsha dúzilisi*

| | mlrd. sum | ósim páti, % | úlesi, % |
|---|---|---|---|
| **Barshe qarjılandırıw derekleri esabınan:** | **3576,7** | **62,8** | **100,0** |
| **Oraylastırılġan investiciyalar** | **860,4** | **42,4** | **24,1** |
| **Respublika byudjeti** | **296,0** | **41,0** | **8,3** |
| **Suw tamiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw** | **47,4** | **116,8** | **1,3** |
| **Tikleniw ham rawajlanıw fondı qarjılarınan** | **49,0** | **18,6** | **1,4** |
| **Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri** | **468,0** | **46,8** | **13,1** |
| **Oraylastırılmaġan investiciyalar** | **2716,3** | **74,0** | **75,9** |
| **Kárxana hám mekemelerdiń qarjıları** | **1347,4** | **114,0** | **37,7** |
| **Kommerciyalıq bank kreditleri hám basqa qarız derekleri** | **584,8** | **168,4** | **16,3** |
| **Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciya hám kreditleri** | **516,3** | **37,5** | **14,4** |
| **Puxaralardıń qarjıları** | **267,8** | **35,8** | **7,5** |

*Qarjılandırıw derekleri boyınsha eń joqarġı ósim páti kommerciyalıq bank kreditleri hám basqa qarız dereklerine -168,4 %, Suw tamiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw qarjıları esabınan ózlestirilgen investiciyalardıń ósim páti -116,8 % ti quradı. Bul suw menen tamiynlew sistemalarin jaqsilaw dasturlerine baylanisli.*

## *Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar, rayonlar kesiminde*

| | mlrd. sum | ósim páti, % |
|---|---|---|
| Nókis qalası | 715,4 | 80,1 |
| Amiwdarya | 106,0 | 81,8 |
| Beruniy | 121,1 | 32,0 |
| Bozataw | 12,1 | 212,3 |
| Qaraózek | 119,9 | 48,4 |
| Kegeyli | 86,6 | 107,4 |
| Qońırat | 546,9 | 100,6 |
| Qanlıkól | 160,1 | 109,8 |
| Moynaq | 468,1 | 70,0 |
| Nókis | 88,6 | 48,0 |
| Taqıyatas | 342,5 | 28,8 |
| Taxtakópir | 56,5 | 154,2 |
| Tórtkúl | 202,2 | 52,8 |
| Xojeli | 93,9 | 39,3 |
| Shımbay | 67,9 | 44,1 |
| Shomanay | 121,2 | 103,5 |
| Ellikqala | 267,7 | 90,2 |

*Rayonlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar Bozataw rayonında eń joqarı ósim pátlerin kórsetti, ósim páti 212,3 % ke astı, bul esabat dáwirinde sharwashiliqti rawajlandiriw ham social obyektlerdiń jańa qurılısı esabına támiyinlendi. Sonıń menen birge, joqarı ósim pátleri Taxtakópir rayonında da gúzetiledi - 154,2 % ke astı, bul qayta islew sanaatında jańadan quwatlıqlar iske túspekte, sonday-aq shet el kreditleri esabinan sharwashiliqdi rawajlandiriwga joneltirildi.*

## Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar rayonlar kesiminde, ósim páti, % te






## *Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń texnologik dúzilisi, % te*




*Qaraqalpaqstan Respublikasında tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń texnologik quramında qurılıs montaj jumısları ushın 1826,3 mlrd. sum ajıratıldı, ulıwma kólemniń 51,1 % in quradı, mashina, ásbap – úskene hám inventarlardı satıp alıw ushın jóneltirilgen investiciyalar kólemi 1547,1 mlrd. sumdı quradı (tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń úlesi 43,2 %) hám basqa qárejetler – 203,3 mlrd. sum (5,7 %).*



## Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń tákrar islep shıǵarıw dúzilisi, úlesi % te




*Esabat dáwirinde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń kóp bólegi jańa qurılısqa kiritilgen investiciyalar bolıp, 1847,7 mlrd. sum hám úlesi 51,7 % ti quradı.*

*Obyektlerdi keńeytiriwge, rekonstrukciya qılıw, modernizaciya hám texnik qayta qurallandırıwǵa 812,2 mlrd. sum qaratılǵan bolıp, yaki ulıwma kólemniń 22,7 % in quradı, qalǵan 25,6 % i, yaki 916,8 mlrd. sumı basqa jónelislerge ózlestirildi.*





- Toģay, balıqshılıq hám awil xojalıģı
  667,5 mlrd. sum



- Taw-kán sanaatı
  725,3 mlrd. sum



- Qayta islew sanaatı
  690,6 mlrd. sum



- Elektr energiyası hám gaz jetkizip beriw hám konditsiyalangan hawa
  311,7 mlrd. sum



- Suw tamiynatı hám kanalizatsiya
  131,9 mlrd.sum



- Qurılıs
  72,9 mlrd. sum



- Tasıw hám saqlaw
  204,6 mlrd. sum



- Bilimlendiriw
  127,9 mlrd. sum



- Uy jay qurılısı
  236,2 mlrd. sum



- Basqa jónelisler
  408,1 mlrd. sum

# Xalıqtıń jan basına tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar

## (mıń. sum)

| | mıń. sum | ósim páti, % te |
|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikas | 1878,3 | 61,8 |
| Nókis qalası | 2229,9 | 78,9 |
| Amiwdarya | 530,4 | 80,3 |
| Beruniy | 630,9 | 31,4 |
| Bozataw | 562,5 | 211,2 |
| Qaraózek | 2265,9 | 47,9 |
| Kegeyli | 1192,2 | 106,4 |
| Qońırat | 4197,0 | 99,4 |
| Qanlıkól | 3127,9 | 108,3 |
| Moynaq | 14675,4 | 68,9 |
| Nókis | 1757,7 | 47,0 |
| Taqıyatas | 4628,6 | 28,5 |
| Taxtakópir | 1405,7 | 153,1 |
| Tórtkúl | 940,9 | 51,9 |
| Xojeli | 763,0 | 38,8 |
| Shımbay | 603,8 | 43,7 |
| Shomanay | 2152,6 | 102,4 |
| Ellikqala | 1676,1 | 88,5 |

*Xalıq jan basına tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń eń joqarı kórsetkishi Moynaq rayonına tuwrı keldi-14675,4 mıń. sum, esabat dáwirinde bul jerde Ustyurt tegisliginde gaz qazip aliwga investitsiyalar joneltirilgen.T aqıytas rayonında -4628,6 mıń. sum, bul Taqıyatas IES da iri investitciyalıq joybar-quwatı 230-280 MVt bolǵan puw-gaz stanciyası qurılısına, tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyaları esabınan ózlestirildi.Qonirat rayonında- 4197,0 mıń. sum, bul jerde qayta islew ham taw kan sanaatın rawajlandırıwǵa ózlestirildi.*

## Tiykarģı kapitalģa kiritilgen investiciyalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha dúzilisi

**(jámige salıstırģanda, % te)**




*Esabat dáwirinde xızmet túrleri boyınsha elektr energiyası hám gaz támiynatına 311,7 mlrd. sum yamasa investiciyalar ulıwma kóleminiń 8,7 % sarıplandı. Joqarıda aytıp ótilgenindey, Taqıyatas IES da elektr energiyasın islep shıģaratuģın eki jańa stanciyasınıń qurılısı menen baylanıslı.*

*Qayta islew sanaatına 690,6 mlrd. sum yamasa investiciyalardıń 19,3 % i sarıplandı, bular tiykarınan 280,8 mlrd. sumlıq toqımashılıq sanaatına, 39,2 mlrd. sumı farmacevtika ónimleri óndirisine, 81,7 mlrd. sum basqa metal emes mineral ónimlerin islep shigariwga investiciyalar ózlestirildi.*

*Awıl xojalıģı xızmet túrleri boyınsha 667,5 mlrd. sum qarjı ózlestirildi, onıń úlesi 18,7 % ti quradı, bul PP-2325 sanli parmani tiykarinda suw resurslarınan únemli paydalanıw maqsetinde, egislik maydanlardı tegislew jumısları hám jańadan ıssıxanalardıń ornatılıwı menen baylanıslı.*

*Taw-kán sanaatında 725,3 mlrd. sum yamasa ulıwma investiciyalardıń 20,3 % ti ózlestirildi, sonnan 649,7 mlrd. sum yamasa investiciyalar ulıwma kóleminiń 18,2 % tábiğıy gaz qazıp alıwğa jóneltirildi. Bul Ústúrt keńisligindegi gaz qudıqlarınıń qurılısı menen baylanıslı.*

*Esabat dáwirinde 236,2 mlrd. sum yamasa, ózlestirilgen investiciyalardıń 6,6 % ti turaq-jay qurılısına jóneltirildi.*





## ***Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha shet el investiciyaları hám kreditleri, úlesi % te***




*Ózlestirilgen shet el investiciya hám kreditleriniń 20,7 % ti taw-kan sanaati jónelisine tuwrı keldi hám 37,3 % ti awıl xojalığı xızmet túrine ózlestirildi.*

## *Rayonlar kesiminde ózlestirilgen shet el investiciya hám kreditleri, mlrd. sum*

| | Jámi shet el investiciya hám kreditleri | Tuwrıdan tuwrı investiciyalar | Óz.R. kepilligindegi shet el kreditleri | Kepilliksiz shet el kreditleri |
|---|---|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 984,3 | 110,9 | 468,0 | 405,4 |
| Nókis qalası | 69,9 | 17,0 | 9,0 | 43,9 |
| Amiwdarya | 56,2 | 2,2 | 35,0 | 19,0 |
| Bozataw | 38,6 | 0,5 | 28,0 | 10,1 |
| Qaraózek | 3,4 | - | - | 3,4 |
| Kegeyli | 14,5 | 2,9 | - | 11,6 |
| Qońirat | 19,9 | 16,9 | - | 3,0 |
| Qanlikól | 219,9 | 49,2 | - | 170,7 |
| Moynaq | 8,8 | 2,1 | - | 6,7 |
| Nókis | 33,2 | 4,5 | - | 28,7 |
| Taqıyatas | 10,7 | 4,6 | - | 6,1 |
| Taxtakópir | 222,3 | 0,9 | 185,7 | 35,7 |
| Tórtkúl | 8,3 | - | - | 8,3 |
| Xojeli | 69,4 | 1,1 | 65,0 | 3,3 |
| Shımbay | 7,3 | - | - | 7,3 |
| Ellikqala | 8,4 | 5,8 | - | 2,6 |

*Shet el investiciyalar hám kreditlerdi tartıw boyınsha Ellikqala,Taqıyatas, Qońırat rayonları jetekshi orındı iyeleydi.Shet el investiciyalar hám kreditlerdiń ulıwma kólemindegi eń úlken úlesi Taxiatash rayonina - 22,6 % ti bul Taqıyatas IES da elektr energiyasın islep shıǵaratuǵın eki jańa stanciyasınıń qurılısı menen baylanıslı. Qońırat rayonında úlesi - 22,3 %*

*ti, bul Ústúrt tegisliginde jańa gaz qudıqları qurılısı menen baylanıslı. Ellikqala rayoninda úlesi-18,4 %, mamleketlik kepilligindegi shet el kreditlari esabinan awil xojaligin rawajlandiriwga baylanıslı.*

***Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması***

***Investiciyalar hám qurılıs statistikası bólimi***

***Telefon: (71) 230-82-13***

***(71) 230-82-14***

***(61) 222-75-91***